

COVID-19

SOCIÉTÉ D'HABITATION DU QUÉBEC

ÈSKE W AP DEMENAJE PANDAN PANDEMI AN?



COVID-19: Bon Pratik Sanitè pou w Suiv Pandan yon Demenajman



Chak ane, plizyè santèn milye moun ki abite Québec demenaje; epi souvan yo konte sou fanmi ak zanmi yo pou ba yo yon kout men.

Si ane sa a ou nan sitiyasyon sa a, pran tout prekosyon ki nesèsè pou w pwoteje tèt ou ak lòt moun kont viris COVID-19 la.

Avan w angaje w nan demenajman, pran rekòmmandasyon gouvènmantal sa yo an kont pou w kapab limite pwopagasyon viris la:

- Si demenajman w lan pa endispensab, li pi bon pou w renouvle afèmaj aktyèl la.
- Si w oblije demenaje, rele yon antrepriz ki fè demenajman ki agreye k ap aplike mezi prevansyon sanitè gouvènmantal an dekrete yo.
- Si w oblije fè travay la ou menm, mande pwòch ou oswa zanmi w mwens èd posib, oswa evite yon èd konsa nèt.
Epi sa ki pi enpòtan an se, suiv bon pratik sanitè yo, sitou:



- **Evite manyen figi w;**



- **Lave men w souvan pandan 20 segonn;**



- **Touse oswa estènen nan koud bra ou; epi;**



- **Pran yon distans 2 mètr ak lòt moun.**



Avan demenajman an

- Poze pwopriyete a kesyon sou eta sante dènye lokatè yo avan yo te pati. Si yon moun k ap viv nan lojman w lan oswa ki te viv ladan te sentòm COVID-19, kontakte Info-Santé 811 pou gade ki solisyon ki posib;
- Jwenn ak moun k ap lwe kamyon an oswa antrepriz demenajman an pou w verifye si yo te dezenfekte kamyon an ak yon solisyon ki fèt ak alkòl;
- Asire w ou gen yon rezèv pwodui netwayaj;
- Planifye sekans aksyon w yo pou w asire w ou toujou respekte mezi "distans sosyal" yo pandan demenajman w lan;
- Depoze objè ki piti yo nan ale a pou w limite ale vini nan pyès yo;
- Netwaye epi dezenfekte sifas ou touche yo souvan (paregzanp mèb, aparèy elektwomènaje, pwanyè pòt) avèk yon solisyon ki fèt ak alkòl;
- Ranje plis bwat posib avan demenajman an, epi asire w ou pran prekosyon sanitè pandan w ap manyen objè yo; epi
- Mete w dakò ak lokatè aktyèl la oswa pwopriyete a sou moman pou w vin okipe lojman an pou w evite tonbe sou lòt gwoup la jou demenajman an.



Pandan demenajman an

- Si w gen sentòm COVID-19 jou demenajman an, retade demenajman an epi aplike mezi responsab Sante Piblik yo bay;
- Pa aksepte èd moun ki prezante sentòm COVID-19;
- Raple tout moun enpòtans pou suiv mezi ijèn otorite gouvènmantral yo bay avan demenajman an, epi bay yon moun jwe wòl "kapitèn règ ijèn";
- Evite gen twòp moun nan yon menm pyès an menm tan;
- Respekte règ 2 mètr distans fizik ak tout moun, kit se demenajè, zanmi oswa pwòch, anndan lojman an ak nan koulwa ak asansè bilding nan (de (2) moun pou plis);
- Itilize kòd pou w deplase gwo aparèy pou w respekte alafwa mezi distans sosyal ak pratik sekirite yo rekonèt;
- Mete gan epi respekte enstriksyon sa yo:
 - Retire gan w yo avan w antre nan machin nan epi mete yo nan yon valiz oswa nan yon bwat ki gen kouvèti;
 - Lave men w ak dlo ak savon oswa ak yon solisyon ki fèt ak alkòl chak fwa w retire gan w yo;
 - Si sa nesèsè, remete gan w yo kou w soti nan machin nan;
- Remèt yon moun bèt ou yo k ap pran swen yo andeyò lojman an;
- Avan w kite ansyen lojman w lan nèt, netwaye pyès vid yo epi dezenfekte pwanyè pòt yo avèk solisyon ki fèt ak alkòl pou pwochen moun k ap vin abite a; epi
- Si sa posib, chwazi opsyon livrezon elektwonik pou bil ou yo pou w evite manyen papye.

Après demenajman an... enstalasyon



- Netwaye epi dezenfekte pyès yo avèk solisyon ki fèt ak alkòl pandan w ap bay sifas ou touche souvan yo yon atansyon patikilye, tankou mèb, aparèy elektwomènaje, pwanyè pòt, eks;

- Tann omwen 24 è d tan avan w jete bwat vid ou yo;



- Pa souke rad sal epi lave tout twal, tankou dra, sèvyèt ak rad ak dlo cho avèk detèjan abityèl; epi;

- Dezenfekte saldeben an ak yon atansyon espesyal (mi, lavabo, twalèt, benwa).



Pou plis enfòmasyon, ale sou:

- [Sitwèb gouvènman an sou kowonaviris](#)
- [Sitwèb Institut national de santé publique](#)
- [Repètwa moun ki gen lisans yo](#)
- Enfòmasyon [pou travayè konsènan demenajman san danje](#) (Fransè sèlman)
- Konsèy sou fason pou chwazi [yon konpayi demenajman](#)
- Konsèy [pou demenaje san danje](#) (Fransè sèlman)
- [Rekòmasyon pwovizwa pou konpayi demenajman yo](#) (Fransè sèlman)

